ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№89 (22.747) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 14, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • advghe@mail.ru advghepsale.ru

Мартиросовэ В. Э. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм телевидензмрэ кинематографиемрэ зыщегъэужьыныкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр етын **Мартиросовэ Варварэ Эммануил и пхъум** – «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухэм и режиссер нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 12-м
№108- УГ

ЗэхъуэкІыныгъэхэм къагъэлъагъуэ къэралым и унафэщІхэм ди щІыналъэм къыхуащІ гулъытэм зэрыхэхъуэр

«Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм я зэгухьэныгъэ Кавказ Ищхьэрэм щиІэм и унафэщІ генерал-лейтенант Меликов Сергей Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым къызэрагъэкІуар, Краснояск крайм и губернатор Кузнецов Лев УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэкмкіэ и министрым и къулыкъым зэрагъэувар хуэунэтІащ ди щІыналъэм нэхъри зегъэужьыным, абы и экономикэ зэфІэкІым зегъэубгъуным, апхуэдэу, нэхъыщхьэращи - цІыхуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрэзэпэщыным.

Апхуэдэу къэлъытапхъэщ Кавказ Ищхьэрэм щиІэ щытыкІэм фІыуэ щыгъуазэ Хлопонин Александр Урысейм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу къызэрынэр икІи ди щІыналъэм абы и нэІэ зэрытегъэтынур. ЗэхъуэкІыныгъэхэм къагъэлъагъуэ къэралым и унафэщІхэм Кавказ Ищхьэрэм къыхуащІ гулъытэм зэрыхэхъуэр», - иужьрей зэхъуэкІыныгъэхэм теухуауэ жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУэкІуэ Юрий.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

КІУэкІуэ Юрий ІущІащ ВТБ-м КИФЩІ-м щиІэ къудамэм и Іэтащхьэм

Дыгъуасэ КІУэкІуэ Юрий ІущІащ ВТБ-м Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ къудамэм и Іэтащхьэ Кузьменкэ Виктор. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм, республикэм и дежкІэ мыхьэнэ пыухыкІа зиІэ проектхэм кредит хухэхьыным теухуа Іуэхугъуэхэм аэрэ тепсэлъыхьащ.

«Дольагъу республикэм жьджэру зэрызэнужьыр, - жиІащ Кузьменкэ Виктор, - икІи абы дыдэІэпыкъуну дыхьэзырщ».

КІУэкІуэ Юрий къэпсэльащ ВТБ банкым адэкІи дэлажьэным и телъхъэу икІи абы и акцэхэм я нэхъыбэр къэралым зэрыІэщІэлъыр псом хуэмыдэу къыхигъэщу.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Іулъхъэ къызэрыЦихам къыхокІ

Израилым и премьер-министру щыта Ольмерт Эхуд илъэсихкІэ тутнакъэщым исыну, шекель мелуан къуэдыуэ ирагъэтыну, абы нэмыщІ и мылъкум щыщу шекель мин 650-м хуэзэр къатхьэкъуну и хьэкумыр ищІащ Тель-Авив и щІыналъэ судым.

Апхуэдиз тезыр щІытралъхьар Іулъхьэ къыІихауэ къызэрыщІагъэщарц. Израилым и тхыдэм нэхъапэм зэи къыщыхъуакъым къэралым и унафэщІу щытам тутнакъэщым щаІыгъын хуейуэ тезыр щытралъхьэ.

«ІулъхьэІыхыр епщІыжакІуэм хуэдэщ - абы зэхекъутэ ди жылагъуэм и лъабжьэр. ЦІыхубэм я дзыхь зрагъэзу къэралым унафэр зыІэщІалъхьам Іулъхьэ къыщыІихкІэ, абы тезырыщхуэ хуэфащэщ», - жиІащ абы и хьэкумыр зыщІа Розен Давид.

Ядернэ ІэщэкІэ зыми хуэмыдэлъэн хуэдэу

Корее хытІыгуныкъуэр ядернэ Іэщэ здэщымыІэщІыналъэ щІыным хущІэкъуну зэгурыІуащ США-м и къэрал секретарь Керри Джонрэ Китаймрэ хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм и унафэщІ И Ванрэ.

А хытІыгуныкъуэм щытыкІэр кІуэ пэтми нэхъ зэрыщызэщІэлъэм игъэгуэавэр, къапщтэмэ, США-мрэ Китаймрэ я закъуэкъым. Корее Ищхьэрэр зэ зы лъэныкъуэмкІэ, зэ адрейм кІэ мэдалъэ, уеблэмэ ядернэ Іэщи щэнейрэ игъэунэхуащ. Иджы епЛанэу абы зэрызыхуигъахьэзырри иджыблагъэ хэІущІыІу ищІащ.

США-мрэ Китаймрэ я къэрал щІыб политикэ Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэр телефонкІэ щызэпсалъэм къыхагъэщащ Корее къэралитІым яку дэлъ къаугъэр къэгъащэбгъэным, абы кьыдэкІуэуи абыхэм дуней псом къратыныкІэ хуэну щынагъуэр къэмыгъэхъуным хуэунэтІауэ ялъэкІ къызэрамыгъэнэнур.

Зэи къэмыхъуауэ

ООН-м и Секретарь нэхъыщхьэ Мун ПанГи Дзэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхэныгъэм Іэщэкіэ Зэщіеуэзда и Къарухэу Кипрым мамырыгъэ щыІэным зи нэІэ тезытхэм я Іэтащхьэу Дунд Кристин игъэуващ.

Куэдым гъэщІэгъуэн ящыхъуащ а къулыкъу ЦІыхубэм дзыхь зэрыхуащІар. Нэхъапэм апхуэдэ къэхъуакъым.

Лунд Норвегием щыщщ, илъэс 34-рэ хъуауэ дзэм къулыкъу щещІэ, зауэ зыбжанэм хэтыныр кІыхуихуащ. Абы дзэ еджапІэ нэхъыщхьэу тІу къиухащ. Лунд и къулыкъым теувэнущ мы гъэм и щыщхьэуІум и 13-м.

♦1796 гъэм инджылыз еджагъэшхуэ Дженнер Эдвард япэу фэрэкІ хилъхьащ.
♦1955 гъэм Варшавэ ЗэгурыІуэныгъэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тау Пщыкъан** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущІэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Абхъаз Республикэм и япэ президенту цІыху **Ардзинбэ Владиславрэ** къызэралхъуурэ илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Композитор, музыковед **Блай Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрэтхымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэпІалъэкІэрэ уэшх мащІэ къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градус 13 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● КЪБР-м и Парламентым

Хабзэм уебэкъуа? СомкІэ пшыныж

Мэлыжьым и 29-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 23-м щІигъуи щыхэплъащ. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм и Унафэщі Чеченов Ануар.

ПАРЛАМЕНТЫМ и зи чэзу зэІущІэм депутатхэм къыщыхэдащтахэм ящыщщ Дзэлыкъуэ куей суд Іуэхущапіэ №1-м и зэгурызыгъэІуэж хеящІэу Гуэнгъэпщ Майе, Бахьсэн куейм дэт Іуэхущапіэ №2-м - Жамбичэ Залымджэрий, Шэджэм куейм дэт Іуэхущапіэ №2-м - Кулиев Юсуф, Дзэлыкъуэ куейм дэт Іуэхущапіэ №2-м Хьэшкіуп Маргаритэ сымэ гъэувыным и Іуэхур.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лЫкІуэу КЪБР-м и Парламентымрэ суд Іуэхущапіэхэмрэ щыІэ Дыщэкі Мадинэ зэІущІэм щигъэІуэащ Май, Шэрэдж куейхэм я Іэтащхьэ къыхэхьныжьыкІэ комиссэм хэтыныгъэр.

ЗэІущІэм хэтахэр арэзы техьащ «зауэм и бынхэм» дэІэпыкъун папщІэ, абы хиубыдэхэр зэхагъэкІыным, хуащІэжьмкІи ди къэралым зы мардэ щагъэувыным теуху а лъэныкъуэ тхыпІ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и Унафэщі Нарышкин Сергей хуагъэхьыным.

КЪБР-м и депутатхэм ятІуанэ хэплъэгъуэм къыщыІэзэдащтащ административнэ хабзэкъутэ Іуэхухэм екъэІа зэхъуэкІыныгъэу КЪБР-м и Кодексым халъхьэр.

Сатум хуэхэа щІыпІэ щхьэхуэхэм щымыщхэм зыгуэр щызыщэхэм къуэдыуэ тралъхьэнури яубзыхуащ. Апхуэдэ зыщІэу къаубыда цІыху къызэрыгъэкІым сом миниц ирагъэтынущ, къулыкъущІэхэм сом минитху, Іуэхущапіэхэм сом мин 20 тралъхьэнущ. ЕтІуанэу я хабзэм ебакъуэм ирагъэшынынур куэдкІэ нэхъыбэщ.

ЦІыхум и хуитыныгъэр хъумэныкмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щыІэ Зумакулов Борис и гугъу ищІащ 2013 гъэм зэфІагъэкІа Іуэхухэм. Абы къызэригъэлъэгуаамкІэ, адрей илъэсхэми хуэдэу, гъэ кІуам цІыхум и хуитыныгъэр хъумэныкмкІэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр зэфІагъэкІащ. Зумакуловым и псалъэм къыхигъащащ КЪБР-м и Іэтащхьэм а Іуэхум гулъытэ хэха зэрыхуищІыр. 2013 гъэм абыхэм цІыху 1100-м зыкъыхуагъэзащ. Нэхъыбэу ахэр зыгъэзагъэзэвэр хабзэхъумэ Іуэхущапіэхэм я лэжьакІэрщ. Къэрал властым, щІыпІэ самоуправленэхэм хуэмыарэзыхэри куэд мэхъу. Апхуэдэуи цІыхубэм гуныкъуэгъуэ яІэщ сымаджэщхэм, еджапІэхэм къыщыхуащІэ Іуэхутхьабзэхэм екъэІаУ, зрагъэгъуэта щІэныгъэмкІэ лэжьапІэ зэрамыгъуэтым ятеухуауэ.

Къэпсалъэм жиІащ илъэс ебланэ хъуауэ я Іуэхущапіэм цІыхухэм дзыхь къызэрыгагъэзыр, езыхэри дэтхэнэми гулъытэ хэха хуащІыным зэрыхущІэкъур.

- Властымрэ цІыхубэмрэ я зэхуаку зэгурымыІуэныгъэ, зэІумыбз гуэр сыт щыгъуи дэлъащ, дэлъыни къащІэкІынущ. Зыкъытхуэзыгъаза дэтхэнэми гулъытэ хэха хуэдущ. Дэ ди зэфІэкІыр гъунэншэкъым, ауэ зы цІыху нэхъ мыхъуми и Іуэху тхудгъэкІмэ, ари мащІэкъым, - жиІащ и псалъэхэм я кІэухыу Зумакуловым.

ЗэІущІэм цыбтепсэлъыхьащ КЪБР-м и щІалэгъуалэ политикэм, Парламентым и депутатхэр зэрыхахыну щІыкІэм, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм ехьэлІауэ республикэм щалэжьныхуэм ятеуху унафэхэм икІи абыхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и республикэ къудамэм иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым хагъэхьэну къагъэлъагъуахэм я пэщІэдзэ праймериз хэхыныгъэхэр. Ар щекІуэкІащ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ. Хэхыныгъэм хэтащ кандидат 120-рэ. Республикэм Іэ щызыІэтахэм я бжыгъэр 2 700-рэ мэхъу. Налшык щекІуэкІа хэхыныгъэхэм Іэ щызыІэта цІыху 400-м кандидат 43-м нэхъ зыхуэфащэхэр къыхахащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и къалащхьэм и Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм хэхыныгъэхэр щригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Фырэ Руслан. Кандидатхэр кьыщригъэлъагуэм, абы къыхигъэщащ парт кІуэцІ ымакІуэ зэрыгъэкІыН зэфІэкІ зиІэр «Урысей зэкъуэтым» зэризакъуэр. Кандидатхэм я процентыр 8-р партым хэтщ, процент 15-р жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмыІэуэжьыгъуэхэм хэту «Урысей зэкъуэтым» и политикэ гупсысэмкІэ акъылэгъуэхэрт. Я программэхэм ІэщІыгъуэу хэлъыр къагъэлъагъуащ Налшык и инвестициэ къалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Боттаев Хьэдис, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Канунниковэ Татьянэ, КЪБР-м и Парламентым щІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Хьэщхъуэжь Татьянэ, «Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардие»-м и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Нэзрэн Беслъан, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ Олимп чемпион Кьардэн Мурат сымэ, нэгъуэщІхэми.

Хэхыныгъэхэм хуэхьэзыру пІэрэ?

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУэкІуэ Юрий и программэр игъэльэгъуащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Битокъу Владимир.

Программэхэм къыщыгъэлъэгъуат узыншагъэр хъумэныр егъэфІэкІуэныкмкІэ, сымаджэщхэр хущхъуэрэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщынымкІэ, егъэджакІуэхэм я гуащІэм и пщІэр къэІэтынымкІэ, щІэблэр хэкупсэу гъэсэным щІэгъэхуэбжьауэ телэжьэнымкІэ, жьыкІэфэкІэм ядэІэпыкъунымкІэ, нэгъуэщІ куэдхэмкІи Іэмалхэр.

КЪБР-м и Ветеранхэм я советым хэт Сапрыкинэ Ранэсэ жиІащ кандидатхэм къаІэта Іуэхугъуэ псори гъащІэм кьыгуэхьпІэ имыІэу зэрепхар, абыхэм псоми депутат хъуну зэрахуэфащэр. Дохутыр Бэрокъуэ Иринэ къыхихащ дохутырхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Абы и лэжьэгъу Джаппуевэ Ларисэ кандидату хъуам Іэ яхуиІэтащ.

- Ахэр зи гуащІэкІэ республикэм цІэрыІуэ щыхъуа цІыхухэщ, хэти соцІыху, хэти и цІэр куэдрэ ф1ыкІэ ирагъуэу зэхъэзох, - къыхихыгъащащ абы.

Апхуэдэ щІыкІэу ягъэбелджылащ КЪБР-м и Парламентым и депутат бжьыхьэм хъунухэм я унэтІэкэр.

ЧЭРТЫ Ольгэ.

Іьэпкъ Іущыгъэ:

Зы хьэщІэм зы хьэщІэ и жагъуэщи, хьэщІитІыр бысымым и жагъуэщ.

● Селигер-2014

ЩІалэгъуалэм я бжэр хуэзІуах

Урысейм и щІалэгъуалэм я щІэныгъэр щыхагъахьуэ «Селигер» зэхыхьэм хэтынухэр къыхэтхыкІын щІадзащ. Абы ирагъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу илъэс 18 - 30 зи ныбжь. зэфІэкІ зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр.

ЗЭХЫХЬЭР зэраублэрэ зы илъэсым нэхърэ адрейм нэхъ ирагъэфІакІуэу, щыщІэныгъэхэр зэрагъэзэхуэжу, зэманым къиГъэв щардэхэм ирагъэзагъэурэ зыхуей хуагъэзащ. Зэхыхьэм яп1 гупыр кІуэнущ бадзэуэгъуэм и 9 - 16-хэм, етІуанэр - бадзэуэгъуэм и 16 - 23-хэм, «Урысейр хьэщІэ» псоу форумыр - бадзэуэгъуэта и 23 - 30-хэм, граждан формыр - бадзэуэгъуэм и 30 - щыщхьэуІум и 6-хэм, «Росмолпром» форумыр щыщхьэуІум и 13 - 20-хэм лэжьэнущ.

Хабзэ зэрыхуауэ, зэхыхьэм щекІуэкІынущ урысейпсо щІэныгъэ-егъэджэныгъэ конференцэр, «стІол хъурейхэр», гъэльэгъуэныгъэхэр, фестиваль зэмыІэужьыгъуэхэр, зэпеуэхэр, нэгъуэщІ куэдри. Абы хэтынуфэм Іэмалыфі яІэнущ Іэщ1агъэлІхэм я проектхэр ирагъэльагъуну, я мурадхэр зыгъэкІуэтэфынущ инвесторхэм епсэлъэну.

Форумым ухэтын папщІэ «Селигер-2014»-м и сайтым зыщебгъэтхьын хуейщ.

Іуэхум теухуа хъыбар нэхъыбэ къэфщІэну фыхуеймэ, мы телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ (88662) 77-49-07 е КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ и министерствэм ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ и департаментым зыхуэзгъаза хъунущ (Налшык, Ленениным и уэрам, 57).

КЪЭЗАНОКЪУЭ Динарэ.

Елей Алим ижьымкІэ ещанэу щытщ.

Елей Алим и Іэзагъэм хегъахъуэ

● ЕхъулІэныгъэ

Къэзан къэрал медицинэ университетым хирургие узыфэхэмкІэ и кафедрэ №1-м и аспирант Елей Алим Урысей венчурнэ компаниемрэ и грантыр къихьащ. Абы ипкъ иткІэ Израилым и университетым, бизнес инкубатор нэхъыфІхэм и Іэзагъэм, зэфІэкІым щыхигъэхъуэну Іэмал иІэ хуащ.

МЫПХУЭДЭ Іуэхугъуэр хуэунэтІащ дохутыр ІэщІагъэр кьыхэзыхахэм я Іэзагъэр егъэфІэкІуэным, адэкІи зегъэужьыным, ныжьрей Іэмалыщ Іэхэр медицинэм кьыщагъэсэбэпу егъэсэным. Апхуэдэуи медицинэм проектыщІэхэм мылъку хэзылъхьэнухэр кьешэлІэным и хэкІыпІэхэр кьащІэнымкІи ар сэбэпышхуэ къыхуІэну.

Грантыр къэзыхьахэр хэтащ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІа щІэныгъэлІ, хьэрычэтыщІэ цІэрыІуэхэр къызрихьэлІа, илъэс кьэс екІуэкІ дунейпсо медицинэ форумым. Абы щекІуэкІа псалъэмакъэхэр ахэр нэхъ куууэ хишащ медицинэм и «дунейм», шэч хэмылъуи, и къэухъым куэдкІэ зригъэужьащ.

Тель-Авив дэт университетым щекІуэкІа зэІущІэм доклад купщІафІэ утыку кьышцрихьащ Елеймрэ. Ар зытепсэлъыхьа Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэм икІи къызэхэсхэм ар ягу зэрырихьам и щыхьэтщ щІалэм щыхь тхьилъ къызэрыхуагъэфэщащ.

Дыщогугъ Елей Алим адэкІи медицинэм зэфІэкІ къыщигъэлъэгъуэну икІи дохъуэхъу и мурадхэр къехъулІэну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

ЩІэблэмрэ хабзэхэмрэ

● Профсоюзхэр

Ди республикэм и курыт еджапІэхэм профсоюз егъэджэныгъэхэм ехьэлІа сыхьэтхэм щыпащэ.

«ИЛЪЭС етхуанэ хъууэ класс нэхъыщхьэхэм щеджэ ныбжьыщІэхэм ядедгъэкІуэкІ дерсхэм кьрикІуэ Іэужьыф1Хэр нэрылъагъу кьэхъуу хуежьащ», - жиІащ Налшык къалэм дэт курыт еджапІэхэм щылажьэ егъэджакІуэхэм я профсоюз комитетым и унафэщІ Уэзджыр Татьянэ. Дерсхэр егъэкІуэкІныжьмкІэ ежьежьапІэ хуэхъуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ профсоюз зэгухьэныгъэхэм ягъэзащІэ къалэным и мыхьэнэр кьащІэрэщІэжу зэрыхуежьамрэ нобэ ди къэралым абы ирит мыхьэнэ инымрэ.

- КЪБР-м и къалащхьэм щыІэ еджапІэ Іэнатіэхэм мы зэманым щрагъэкІуэкІ егъэджэныгъэхэр теухуащ профсоюз зэщІэхъеныгъэхэм я тхыдэмрэ иджырей ди гъащІэмрэ зэхуаІэ зэпыщІэныгъэхэм. Къапщтэмэ, профсоюзхэр кІыхьу зыщІэныкъуэкъуа Іуэхугъуэхэм къагъэзэж. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ сыхьэтий махуэ ажьыгъэр, цІыхуэхэм я лэжьыгъэ Іэнатіэхэр хъума хъуи папщІэ ящапхъэхэр, нэгъуэщІхэри. Дерсхэр нэхъыбэу щрагъэкІуэкІыр 9 - 11-нэ классхэрщ. Пщэдей а ныбжьыщІэхэр Абдежьм лъэныкъуэ къэдкІэ абыхэм къахуэсэбэпыжьынущ ди чэнджэщхэр. Аращ профсоюз зэщІэхъеныгъэм теуху дерсхэр, конференцхэр, класс сыхьэт мардэхэм тет зэІущІэхэр щедгъэкІуэкІыр, - къыхигъащащ инафэщІым. Апхуэдэу абы фІыкІэ я цІэ къриІуащ егъэджэныгъэхэр купщІафІэу къыхэзыгъэпэщ егъэджакІуэхэу Хъубий Анджелэ (СОШ №25), Атабиевэ Светланэ (СОШ №7), Джаппуевэ Джамилэ (СОШ №12) сымэ я цІэхэр. Псом нэхъыщхьэраци, цІыхубэ гъащІэр егъэфІэкІуэныр цІыхум я хуитыныгъэмрэ сыт щыгъуи щІэбэну къэгъуэгурыкІуэ профсоюзхэм я мыхьэнэм хохъуэ икІи ар къыдэкІуэтей щІэблэм фІыуэ къагуроІуэ. Мы дерсхэм щІапІыкІа щІалэгъуалэм хуитыныгъэ хабзэкъэ къызэпаудыныкъым.

ТекІуэныгъэм и махуэр щагъэлъэпІаныкъыгъэм и 9-м иджыри мы Іуэхур къыпащащ, «Фронтымрэ текІуэныгъэмрэ папщІэ» ф1эщыгъэм щІэту.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Мэшыкъуэ

Мы гъэмахуэм фщІэнур дощІэ

«Мэшыкъуэ-2014» щІалэгъуалэ зэхыхьэм хэтыну гупыж зыщІ Кавказ Ищхьэрэм щыщ ныбжьыщІэ жыджэрхэр. зэфІэкІ зыбгъэдэлъхэр иджы летауэ Псыхуабэ къыщызэрагъэпэщыну форумым ирагъэблагъэ.

КАВКАЗ Ищхьэрэ щІалэгъуалэ зэхуэсым хэтыну ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэм хагъэхьуэну, Іэщ1агъэлІ цІэрыІуэхэм я мастер-классхэм щыщІагъэу зэгурымыІуэныгъэхэм щылажьэ щІэныгъэлІхэм я чэнджэщ зэхахыну, къащхьэпэн дерсхэм едэІуэну Іэмалыфі яІэнущ. КъищынэмыщІауэ, гукъинэж ящыхъун куэд щалъэгъунущ абы ныбжьыщІэхэм.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, щІалэгъуалэм ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэм Іэщ1агъэлІхэр хэлъэнурэ щыщІагъэу иІэмрэ зэгъэзэжьыгъэужьу къалъытэхэмрэ къагъэлъэгъунущ, чэнджэщ иратынущ. Зи лэжьыгъэр нэхъыф1у къалъытэхэм сом мини 100-м щыщІэдзауэ мин 500-м нэблагъэ гранткІэ ныбжьыщІэхэм, Іуэхущапіэхэм - мелуаным нэблагъэкІэ зыщІагъэкъэунущ.

«Мэшыкъуэ-2014» Кавказ Ищхьэрэ щІалэгъуалэ зэхыхьэм ухэтын папщІэ, машукформ.рф сайтым зыщебгъэтхьын хуейщ (Іэмал имыІэу проект уиІапхъэщ).

Мы Іуэхум теуха хъыбар нэхъыбэ къэфщІэну фыхуеймэ, мы телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ (88662) 77-49-07 е КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ и министерствэм ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ и департаментым зыхуэзгъаза хъунущ (Налшык, Ленениным и уэрам, 57).

БРУ Синэ.

Гуэнгъэпщ Майе Мухьэмэд и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Дзэлыкъуэ районым и суд участкэ №91-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям якIэ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Гуэнгъэпщ Майе Мухьэмэд и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Дзэлыкъуэ районым и суд участкэ №91-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1914-П-П

Жамбичэ Залымджэрий Владимир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Бахъсэн районым и суд участкэ №92-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям якIэ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Жамбичэ Залымджэрий Владимир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Бахъсэн районым и суд участкэ №92-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1915-П-П

Кулиев Юсуф Ахъмэт и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Шэджэм районым и суд участкэ №92-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям якIэ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Кулиев Юсуф Ахъмэт и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Шэджэм районым и суд участкэ №92-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1916-П-П

Хьэшкул Маргаритэ Назир и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Дзэлыкъуэ районым и суд участкэ №92-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям якIэ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Хьэшкул Маргаритэ Назир и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Дзэлыкъуэ районым и суд участкэ №92-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и къулыкъум илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1917-П-П

Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхыным теухуа конкурсыр езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр къыщызэгъэпэщыныжмкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и Iыхьэ 5-м икIи иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхыным теухуа конкурсыр езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэгъэхьэн:

Алэкъей Арсен Михаил и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр

Бердюжэ Владимир Иван и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр

Туменов Мурадин Хьэдис и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъум, коррупцэм пэщIэтыным, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Iуэхуэхэмкlэ и управленэм и унафэщIыр.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ конкурсыр езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр гъэувыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2012 гъэм гъатхэпэм и 29-м кьищта Унафэ №1096-П-П-м.

3. Мы Унафэр Май муниципальнэ районым ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжмкIэ и советым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1918-П-П

Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхыным теухуа конкурсыр езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр къыщызэгъэпэщыныжмкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и Iыхьэ 5-м икIи иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1.Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхыным теухуа конкурсыр езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэгъэхьэн:

Алэкъей Арсен Михаил и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр

Сокъур Олег Хьэчим и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Туменов Мурадин Хьэдис и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъум, коррупцэм пэщIэтыным, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Iуэхуэхэмкlэ и управленэм и унафэщIыр.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхыным теухуа конкурсыр езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр гъэувыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2012 гъэм гъатхэпэм и 29-м кьищта Унафэ №1100-П-П-м.

3. Мы Унафэр Май муниципальнэ районым ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжмкIэ и советым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1919-П-П

Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур щхьэщыхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и Iыхьэ 5-м и «а» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хэт Андросов Александ Сергей и къуэм и полномочиехэр щиух пIалъэм нэмысауэ и къалэнхэр щхьэщыхьын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1919-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Бэшорэ Хьэмид Тохьид и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и «е» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетыныгъэкIуэ, хабзэр хъумэныжмкIэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ и комитетым и унафэщI Бэшорэ Хьэмид Тохьид и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу республикэ хэхыпIэ округ зэкъуэтым щыхахам и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м щегъэжьауэ щхьэщахауэ икIи ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа комитетым къыхагъэкIыжауэ къэлъытэн ар зэрыпIам къыхэкIыу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№1921-П-П

● КъБР-м и Парламентым

ЩIыхубэм и узыншагъэр къэралым и фIыгъуэ нэхъыщхьэщ

Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныжмкlэ комитетым, Спортымрэ туризмэмкlэ комитетым я жэрдэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щытепсэлъыхьащ 2011-2015 гъэхэм ятещIыхьа «КъБР-м псэукlэ узынщэ щызэтегъэувынырэ» республикэ программэ хэхар гъэзэщIа зэрыхъум.

СПОРТЫМРЭ туризмэмкlэ комитетым и унафэщI Сумаев Ахъмэт жиIащ нобэ комитетитIым зэщIыгъуу ирагъэкIуэкI зэIущIэм зыщыхэплъэ Iуэхум УФ-м и Президентым 2013 гъэм Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам увыпIэшхуэ зэрыщиубыдыр, апхуэдэу ар 2020 гъэм нэсыху тещIыхьа «КъБР-м узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьыныр» къэрал программэм лъэныкъуэ куэдкlэ зэрыпыщIар.

Къыщхьэсахэм я пащхьэ доклад щиIащ республикэм узыншагъэр хъумэныжмкlэ и министрым и къуэдзэ Бгъэжьнокъуэ Зурият. Абы къигъэлъэгъуащ псэукlэ узынщэ зэтегъэувэныжмкlэ проектыр гъэзэщIэныр цIыхухъэм я зэхэщIыкIыжмрэ щIэныгъэмрэ къэIэтыным зэрыпыщIар, апхуэдэу узыншагъэр гъэбыдэным хуэгъэза жылагъуэ жэрдэмхэр дэIыгъын и лъэныкъуэкIи куэд зэфIэгъэкIын зэрыхуейр. А псоми хиубыдэу зэтеувэу хуежьащ псэукlэ узынщэм и мардэ пыухыкIахэр. Абыхэм ящыщу физкультурэмрэ спортымрэ щIыхухэр дегъэхьэхьыныр, абыхэм я узыншагъэр пIалъэ пыухыкIахэм тету къэпщытэныр, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэмыгъэхъуныжмкlэ профилактикэ Iуэхуэхэр зэфIэгъэкIыныр, ерыскъым хэплъхьыу егъэсэныр.

- «Узыншагъэ» лъэпкъ проект пэрытым хиубыдэу иужьрей илъэсхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ цIыху гуп щхьэхуэхэр узыншагъэр хъумэным зэрыбгъэдыхьэм фIы и лъэныкъуэкlэ зихъуэжащ. Иджы нэхъыбэу егугъуи хуейщ профилактикэ Iуэхуэхэм, дэтхэнэ зы цIыхури узыншагъэр хъумэн зэрыхуейм егъэгупчысыным. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэм хухах ахъшэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынымкIэ Iэмал къитынущ. Профилактикэ лэжьыгъэм трагъэкIуадэ дэтхэнэ зы сомми цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным, узыфэхэр гъэхъуныным хухах ахъшэм щыщу соми 4-5 кьидигъэхуэнущ, - жиIащ министрым и къуэдзэм.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэмкlэ центру 3 щы-Iэщ, пыухыкIауэ сабийхэм я узыншагъэм кIэлъыплъ центру 1 яхэту. А центрхэм щыщ дэтхэнэми цIыхум и узыншагъэр къыщригъэпщытэу езым нэхъ къеуэлIэнкIэ хъуну узыфэхэр, лъым хэт никотиныр, холестериныр, щэр зыхуэдизыр къыщIэфынущ икIи и узыншагъэр игъэбыдэн папщIэ адэкlэ илъэкIи хуей Iуэхуэхэр щригъэтхьыфынущ.

- Центрым зи узыншагъэр къыщапщытэ дэтхэнэми «Узыншагъэм и паспорт» ират. И узыншагъэр зыхуэдэр, нэхъ зызыщидзеин хуейхэр ищIэмэ, дэтхэнэ зы цIыхури нэхъ зэгугъуэжынущ. Апхуэдэу икъукlэ Iуэхушхуэхэ диспансеризацэкlэри. ЗэдыщIэкIыу цIыхухэм я узыншагъэр кьрагъэпщытэн папщIэ, къэлъатIуэ Iуэхущ1апIэхэмрэ IэнатIэхэмрэ кIуатэху нэхъыбэ мэхъу. Дызэрыт 2014 гъэм къриубыдэу диспансеризацэм хиубыдэнущ балигъхэм ящыщу цIыху мини 151-м щIигъу, - къыхигъэщхьэхуакIащ Бгъэжьнокъуэ Зурият.

2012 гъэм елъытауэ республикэм фадэу щрафым процент 21-рэ кIэрыхуащ. Социологие къэпщытэныгъэу узыншагъэмкlэ центрхэм ирагъэкIуэкIахэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, балигъхэм ящыщу тутын ефохэри зэрыхьур процент 31-рэщ (2012 гъэм апхуэдэ цIыхухэр процент 33-рэ хъууэ щытащ).

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыпсэлъащ КъБР-м спортымкlэ и министрым и къуэдзэ Двуреченский Анатолий, КъБР-м Гъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкlэ и департаментым и унафэщI КIурашин Анзор, «Къэббалъкъэрурист» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и генеральнэ директорым и къуэдзэ Тхьэгъэпсо Светланэ, «Стимул» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI КъуэщIысокъуэ Александр сымэ. Абыхэм зэрыжаIамкlэ, цIыхур и узыншагъэм зэрыхуэсакъыжьпхъэм щысабийм щегъэжьауэ хуэгъэзэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкlэ кьалэныпхъэ къабгъэдохуэ сабий садэмрэ щколхэмрэ. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ санитарэпидемиологие мардэхэм тету школ унэхэр зехьэныр, абыхэм я шхапIэхэр зыхуэфащэ Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщыныр, ягъьхьэзыр шхыныгъуэхэр зыхуэдэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъныр, дэтхэнэ сабийми и ныбжьымрэ и зыужьыкlэмрэ кьеэзэгъ унэльащIэ къэщэхуныр, физкультурэм зыщыхуагъасэ пащхэмрэ щIантIэхэм щыIэ спорт губгъуэхэмрэ я щытыкIэм кlэльыплъныр, медицинэм и Iуэхущ1апIэу школхэм щыIэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэныр.

Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныжмкlэ комитетым и унафэщI Карныш Сергей къыхигъэщхьэхуакIащ школхэу псори спортым зэрыдегъэхьэхьыпхъэр, сабий куэд зыхэт республикэ, муниципальнэ зэпеуэхэр къызэгъэпэщыным гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэтахэм зэакъыпэгъуу жаIащ цIыхубэм я узыншагъэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ хэкIыпIэ псоми щIэтэкъуэн къащIын папщIэ, ведомствэхэр зэгурыIуэу а Iуэхум зэрыбгъэдыхьэпхъэр. Зытепсэлъыхьа Iуэхум теухуауэ абыхэм къащтащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм, КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкlэ и къэрал комитетым яхуэгъэза чэнджэщхэр.

- Узыфэхэм защыхъумэным теКIуэдэр нэхъ мащIэщ сымаджэр гъэхъужьным ихьым елытауэ. Абы къыхэкIыу дэ профилактикэ лэжьыгъэм ди гупэр хуэдгъэзэн хуейщ. Депутатхэм ди къалэнщ цIыхубэм я узыншагъэр гъэбдыдэным дэтхэнэ ведомствэри зэрегугъуэм дыкIэлъыплъным кьыдэкIуэу, а ведомствэхэр зэрызэдэлажьэри зэдгъэуIуну. Дэ ди пIалъэIэр узыншагъэ быдэ зиIэ цIыхухэр нэхъыбэ щIынырщ, щIэблэ узыншэ къэгъэхьунырщ, цIыхухэм я гъащIэр нэхъ кIыхь хъунырщ, - зэIущIэм и кIэухым жиIащ Спортымрэ туризмэмкlэ комитетым и унафэщI Сумаев Ахъмэт. Абы зэIущIэм хэтахэм ягу къигъэкIыжащ СССР-м и лъэхъэнэм «ГТО» комплекс зэрыщIар, а Iуэхуфlыр ящытэжьину зэрамурадыр. Иджыпсту къэралым щыIэгъуэ зэрыщIар, Iуэхуфlыр ящытэжьину илъэс 70-м нэс зи ныбжь цIыхухэр физкультурэм дегъэхьэхьныжмкlэ системэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Улахуэмкlэ щIыхуэхэр ирагъэпщыныж

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щыIэхэлъхьэжащ я Iуэхущ1апIэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кlэлъыплъныжмкlэ и къудамэм ягъэ мазищым зэфIигъэкIар.

КЪЫЗЭРАГЪЭЛЪЭГЪУАМКIЭ, щхьэхуэм я социальнэ хуитыныгъэхэр, кьапщтэмэ, улахуэр, лэжьыгъэр, экономикэм и Iэнатlэхэр, ЖКХ-м, экологие шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыным пыщIахэр хъумэным гулъытэ хэха хуащIащ.

Кьалэхэмрэ районхэмрэ я прокуратурэхэм ящIыгъуу, федеральнэ законодательствэм пэщIэуэ ныкъусаныгъэу мин 14-м нэблагъэ къудамэм кьикутащ, хабзэм кьемыязгъ правовой акту мини 2-м щIигъу къызэтригъэувыIащ. Тхьылърэ искыу мини 3 судэхэм ератащ. Абыхэм ящыщу мини 2-м щIигъур улахуэмкlэ къызэгъэпэщыныным теухуащ.

Актхэм хэплъа нэужь, къулыкъущIэ 940-м щIигъу дисциплинэ, административнэ жэуапхэм ирашэлIащ, 379-м хабзэм ебакъуэ зэрымыхьунур гурагъэIуащ. Прокурор къэпщытэныгъэхэм якIэ иткIэ, уголовнэ Iэхуу 85-рэ къызэIуахащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Чернобыль къыщыхъуа гуэвэгъуэр ильэс 28-рэ щрикъуи ирихьэлIэу, КъБР-м щыщу абы хэтахэр Налшык щызэхуащэщ. Абы кьрихьэлIат МЧС-м, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым, КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Чернобыль къыщыхъуа гуэвэзгъуэм хэтахэм я зэгухьэныгъэу КъБР-м щыIэм и тхьэмадэ **Кучмезов Алий.**

- Нобэ дызэрыщытым нэхъ и кIэ дымыхъу, радиацэм и зэранир нэхъ гуащIэу къыджьэхэмыуэу дыпсэуну сыхуейщ. Чернобыль къыщыхъуа гуэвэзгъуэр хуэдым лъэIэсащ, радиацэм гуцIэгъу ищIэркъым. Гуэвэгъуэр къыщыхъуа щIыпIэм щыIахэм защIэгъэкъуэным теухуауэ 1991 гъэм унафэ кьащтауэ щытащ, абы зэпыу имыIэу зэхъуэкIыныгъэ зэригъуэтым и зэранкlэ щIыхуэхэр суд бжэIупэм къыIумыкIыу я хуитныгъэм щIэбэным хуей мэхъу. Ар къызэрыхъурэ зэманыпхъуэ дэкIами, нэрымылъагъу жагъуэгъуэ - радиацэм - цIыхур иутIыщIыркъым. Абы щыIахэм ялъэгъуа гуаузмрэ гугъуехьыкIыр инщ. Я псэ емыблэжу абы хэтахэм фIыщIэрэ щIыхьрэ яхуэфащэщ радиацэр нэхъыбэм зэралъэмыIэсам папщIэ. Ди щIалэхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэ иным и щыхьэту, УФ-м и Президентым и унафэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу лIыхъужьыгъэм и орденыр 162-м, Хахуагъэм и орденыр - цIыху 36-м, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр - 43-м, псэзэпылъхьэпIэ ихуахэр кьезыгъэла цIыху 360-м дамыгъэ лъапIэхэр ератащ, - жеIэ Президентым и унафэкIэ.

ЗэIущIэм щыжаIащ Чернобыль гуэвэзгъуэм и фэеплъым и Iуэхур нобэми зэхэхауэ зэрыщымытыр ягу къызэреуэр.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщI **Шыбзыхъуэ Залим**. ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм узыншагъэ быдэ яIэну ехъуэхъащ, нэхъыжьхэм зэрахьа лIыгъэр щIэблэм я щапхъэу зэрыщытыр, ахэр гъэсэным я къару зэрыхалъхьэм папщIэ фIыщIэ зэрахуищIыр абы жиIащ.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм и лIыкIуэ **Ксанаев Мухьтар** министерствэм хуээфIэкI къызэримыгъанэр, дяпэкIи абыхэм зэрызыщIагъэкъуэным яужь зэритынур къыхигъэщащ. Абы зэригъэнIуамкlэ, радиацэр зэран яхуэхъуауэ ди республикэм цIыху 670-рэ щопсэу. Мазэ къэс абыхэм хухахыр сом мелуан 12-м щIегъу, зы цIыхум ику иту иратыр сом мин 19-м ноблагъэ, нэхъ мащIэ дыдэр сом 3090-рэ мэхъу. Абыхэм къыщынэмыщIауэ, псэупIэм епха Iуэхутхьэбзэхэм техуэ уасэм и Iыхьэр хуат.

ЗэIущIэм и кIэухым Чернобыль къыщыхъуа гуэвэзгъуэм хэтахэм я зэгухьэныгъэу Урысей Федерацэм щыIэм и тхьэмадэм и унафэкlэ ягъэува медалхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху 83-м ератащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Абы дегъэпIейтей

Нэрымылъагъу жагъуэгъум пэщIэтахэр

1945★★★2014

Тхыдэр зи лъабжьэ сурэтхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ КъэбэрдейБалъкъэрым сурэтыщI гъэзэджэхэмкIэ и музеим гъэлэгъуэныгъэ къыщыхьэIуэхащ. Ар теухуащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщахьрэ илъэс 69-рэ зэрырикъум.

ВЫСТАВКЭМ хагъэхьащ республикэм и сурэтыщIхэу Яснов Владимир, Пащты Герман, Ахматов Лиуан, Острякин Александр, Колкутин Андрей, КIыщ Мухьэдин, Глуховцев Александр, Трындык Николай, Сындыку Тобий, Акьсырэ Михаил, Плотников Василий, Ваннах Михаил, нэгъэущIэмэи тхыдэм, Хэку зауэшхуэм трауха я лэжьыгъэхэр. Къыхэгъэщыпхьащ зи цIэ кьитIуахэм ящыщ зыбжанэ Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар.

Утыку кэрахьа сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуащ Хэкум хуаIа лъагъуныгъэ, пэжыгъэ иным я фIыгъэкIэ къэралыр бийм щахъумэныр цIыхухэм кьаззэрехьулIар, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм щхьэхуитыныгъэмрэ я лъахэмрэ ягъэлъагъуэ сурэтыщI Iэзэкэм ящыщ зыбжанэ дунейм ехыжкам, абыхэм гъащIэм лъэужь дахэ къыщагъэнащ икIи я Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэм щIэблэр еплъыху езыхэри ящыгъупщэнукъым.

Лэжьыгъэхэм ящыщ зыбжанэм къищыр гур хэзыгъэщIащ. Апхуэдэщ, КIыщ Мухьэдин «ИгъащIэкIи поплъэ» зыфIища и сурэтыр. Абы къыщыгъэлъэгъуащ зи ныбжь хэкIуэта, зи щхьэщ кьетхъуа анэр зауэм хэкIуда къуэм зэрыпэлъэр, абы кьигъэзэжьным и гугъэр зэрыхимыхьыжыр. Пащты Герман и лэжьыгъэм ухегъэгъуазэ 115-нэ шуудэзм хэтахэм я щхьэ кьрикIуа гуэзвэгъуэм, абы зауэлI минхэр зэрыхэкIуэдам. Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэхэм я гуIэфIтешIэжьу жыпIэ хъунущ Колкутин Андрей и сурэтыр. Гукъыдэж кьоэшт лэжьыгъэм щыболъагъу ТекIуэныгъэ Иныр, псори зыпэплъа гуфIэгъуэр зэрагъэлъапIэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм ирагъэблагъащ зи сурэтэкъэр зыставкэм хагъэхьа, Хэку зауэшхуэм и ветеран, сурэтыщI Плотников Василий.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин жиIащ зауэм хэтахэмрэ абы зи сабиигъуэр хиубыдахэмрэ цIыхухэм хуаIэ лъагъуныгъэр зэрымыкIуэщIар гуапэ зэрыщыхъур, сыт хуэдэ гуэзвэгъуэ кьэхъыми цIыхухэм цIыхугъэ яхэлъу къэнэжьын зэрыхуейм и щапхъэ куэд нэхъыжьхэм зэрыдагъэлъэгъуар. Ар кьытеувIащ Хэку зауэшхуэм хэта сурэтыщIхэм я дэтхэнэ лэжьыгъэми цIыхухэм яку лъагъуныгъэ, гуапагъэ, пщIэ зэрыдэлъар кьиэзэрыщыгъэлъэгъуам. Къумахуэр зэхуэсахэм ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ мамырыгъэ, гуфIэгъуэ, ехъулIэныгъэ яIэну.

КъБР-м и Сурэтыщ Iхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь Сындыку Нелли кьыхiгъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ куэд кьиэзэрекIуэлIар гуапэ зэрыщыхъуар. АбыжиIащ республикэм и усакIуэхэм, тхакIуэхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэм щIэблэр зэрыщIапIыкIым хуэдэу, мы лэжьыгъэхэри зэрыпIапIэр, абыхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин зэрапIэр, къэралым и блэкIар, и тхыдэр ныбжьыщIэхэм егъэщIэнымкIэ зэрыщхьэпэр.

ЯгъэпIагъуэ сурэтэкъэ кьаззэрыщыхьуам теухуауэ зэхьыхьэм щыболъагъу ТекIуэныгъэ Иныр, псори зыпэплъа гуфIэгъуэр зэрагъэлъапIэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм ирагъэблагъащ зи сурэтэкъэ зыставкэм хагъэхьа, Хэку зауэшхуэм и ветеран, сурэтыщI Плотников Василий.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ПщIэ зыхуэфащэ

● Дэ къытхуатх

Си ныбжьэгъу лъапIэ Щомахуэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу хъуэхъу псалъэкIэ зыхуэзгъэзэну, нэхъ гъунэгъуу фэзгъэцIыхуну, а щIалэм дэсльэгъуа хьэщIанэфIхэм я гугъу фхуэсщIыну сыхуейт.

ЩОМАХУЭ Мухьэмэд Хьэтыкъуэ и къуэр КъБКъУ-м химиемкIэ факультетыр ипэ дыдэу къэзыухахэм ящыщщ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта неужь, къыхиха IэщIагъэм Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щрилэжьащ, къыхэгъэщыпхъащ, ар сыт хуэдэ гуп хьихьами, пщIэ щиIэу, гуащIафIэу зэрахэтар.

ЦIыху хьэлэхэр и нэ-и псэщ Мухьэмэд, езыри нэхъыжьыфI и щапхъэу дунейм тетщ. Кьиэжьыр ишхьжрэ зимыIэм защIигъакъуэу, иIэ мащIэмкIэ кьыщыгугъхэм ядэгуашэу къоКIуэкI. Мухьэмэд хуэдэхэр щIыхьым, пэжыгъэм я телъхьэу, гъащIэ къызыгурэкIым и IэфIыр кууу я зыхащIэу мэпсэу.

Къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым зы Iуэхугъуэ дахэ. Накъыгъэм и 25-м - Химикым и махуэм - ар IащIэ дилъхьэжу зыхуэхъуахэр зэхуэсу зэбгъэдэс хабзэщ. Мис а зэIущIэ гуапэр и пщэ дилъхьэжу сыт щыгъуи кьыхэзыгъэпэщыр Мухьэмэдщ.

Си ныбжьэгъу ахъыржэманым теухуауэ иджыри псалъэ дахэ куэд жыпIэ хъунущ, гуапагъэу щыIэр къезбжэкIкIи зызгъэнщIыну кьыщIэкIынкъым. Си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу си ныбжьэгъу лъапIэм, «ГъащIэ узынщэм и телъхьэ» жылагъуэ IуэхуэхэмкIэ си лэжьэгъуэм и махуэшхуэмкIэ сехъуэхъуну сыхуейт ехъулIэныгъэ иIэу, зыщIэщэу иджыри илъэс куэдкIэ тхуэпсэуну!

КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Александр,
«Стимул» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

Щомахуэ Мухьэмэд

● Шэрджэс меджлисым и псалъэ

Мыгъуагъэ къызыхэкIыр

Урысеим зауэ къызэрыдищIыпIэ лъандэрэ зы къэрали кьыддэIэпыкъуакъым кавказ лъэпкъхъэм. Тырку сулътIаным деж куэдрэ дгъэкIуащ лIыкIуэ, кьыткъуэувэнкIэ, кьыддэIэпыкъункIэ дыщыгугъуу, ауэ абы кьытхуищIа щыIэкъым. Персиеми дгъэкIуащ лIыкIуэ, иужьрейуэ Мэхьмэт Алий зыхуэдгъэза фIэкIа дызэхащIыкIакъым.



150

ШЭРДЖЭСЫМ и лIыкIуэхэм я пщэ дэтлъхьауэ щытащ Урысеим кьыдищIыпIа зауэр къызэрыттехьэлъэм и хъыбар къэрал лIыщхьэхэм я деж нагъэсын хуейуэ, дэ ди хабзэхэри ди динри нэгъэущIащ, арыншамэ Урысейр апхуэдизрэ щхьэ кьыдэзэуэн хуейт? Псоми ящIэн хуейщ урыс инэрахэр зэрытхьэгъэпIыр, я сэлэтхэр зэрыгущIэгъуншэр. ШЭРДЖЭСХЭР дызэтраукIэмэ, хэт и фейдэ хэлъ абы? Псори кьыдэщIын хуейщ адыгэхэм!

Урыс сэлэт мин Iэджэ кьыдаутIыпщащ дэ, Iэпхлъэпх дызэращIынщ зиужь итыр, дыкъауэхъуреихьауэ. Дэ дахэмэ, фэ кьыващIылIэнущ зауэ. Ди щхьэм и закъуэкъым дэ дызыхуэзауэр. Дэ дызыIэщIалъхьэмэ, Тыркуми нэсынурэ абыи кьыщызэтеувыIэнукъым - зращ иджыпсту фыкьыддэIэпыкъун щIыхуейр.

Ар ныжвгдгъэIэн щхьэкIэщ ди лIыкIуэхэр ныщIыфхуэдгъэкIуар, ауэ ди лIыкIуэхэм я псалъэр зыми зэхищIыкIакъым, зыми кьилъэгъуакъым ди хьэтыр. ДызэхащIыкIрэ ди бэнэныгъэм кьыхьыхьатэмэ, сыт хуэдиз зауэлI хахуэм я пащэ я хъунут сулътIаныр, сыт хуэдизым я гур кьыхъэхунут абы!

Урысейм и закъуэкъым дунейм тетыр, къэрал Iэджэ тетщ дунейм. Урысейм нэхърэ нэхъ къэрал ини нэхъ лъэщи зэрыщыIэм дыщыгъуазэщ адыгэхэр. Дыщыгъуазэщ Инджылызри Франджызри гуэввэгъуэ хадэ лъэпкъхъэм къаззэрыщхьэщыжьым. ИтIани кьытлъэIэсыртэкъым абыхэм я гущIэгъуи я дэIэпыкъуныгъи. Шэрджэсхэр дыкъуаншэмэ, кьыддремыIэпыкъу инджылызхэри франджыхэри. Ди хэкур Урысейм щыщ хъуауэ кьыщыгъэлъэгъуащ европей картэхэм - абыи дыщыгъуазэщ дэ. Дыщыгъуазэщ ди щIыбагъкIэ хьэгъэщагъэхэр зэрыщызэрахьэм: дэ хьэдамыгъэщIэхэхэу, Урысеймрэ Тыркумрэ ди унафэр ящI, зэгуроIуэри, зым Iэщ IэмыльIыр адрейм ирет, дэ кьыдэупщIыни я щхьэ тралъхьэркъым. Урысхэм Европэм щыжаIэ дэ абыхэм драгъэр хуэдэу, дыхьэкIэкъуэкIэ защIэу, гущIэгъуи тхуэмыфащэу, унафэ е хабзэ гуэрми дыпхуэмыувэлIэну. Лъэпкъыпхуэ дыдэщ инджылызэр, дызэхащIыкIынкIэ дащогугъ, ауэ дэ дыхьэкIэкъхъуэкIэмэ, зыми емыдаIуэ дыхъунщIакIуэмэ, ди хьэтыр къремылъагъу, нэкIи къыдремыплъ.

СулътIаным псалъэ еттауэ щытащ дэ, ауэ ар ди лъэныкъуэ зэхунукъым, Урысейм ди щIыбагъкIэ гурыIуащи. СулътIаным ещIэ Урысейр кьызэрыдзэуэр, итIани абы йопсалъэ, щэхуу гуроIуэ: уи Iэмыщ Iэ имылъым и унафэр дауэ зэрыщIынур? Дэ дыгъэркъым, дыпщэ, дыпт хъуну. Пэжщ, дызэкIэщIэчащ, дыщызэгурымыIуэр нэхъыбэщ, зы унафэм деувалIэркъым - аращ ди мыгъуагъэ псори кьызыхэкIыр. Ауэ дэ дыщхьэхуитщ, ди щхьэхуитныныгъэращ дызыщIэзэур, ар хамэм и Iэмыщ Iэ итлъхьэн муради диIэкъым.

Шэрджэс меджлисым къэрал лIыщхьэхэм зэрызыхуагъэзам щыщщ.

ГукъыдэжкIэ гъэнщIа

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэ КъБР-м щылIэм и ветеранхэр накъыгъэм и 9-м и пщэдджыкъым ТекIуэныгъэ махуэшхуэм щыпежьащ Налшык дэт милицэ сквером ит Хэку зауэшхуэм зи псэр щызыгъа, мамыр гъащIэм я къалэн ягъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым деж. Абы хэтащ икIи кьыщыпсэльащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щылIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей.

ЗАУЭЛI хэкIуэдахэм я фэеплъыр ягъэльапIэу кьызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымащ.

Совет къэралышхуэм и цIыху мелуанхэм я псэр щIата ТекIуэныгъэ Иным и мыхьанэр зыхуэдэм, къэкIуэнур зей щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджынымк гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэм къытеувыIащ КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм и советым и унафэщI Думай Борис, Хэку зауэшхуэм и ветеран Марченкэ Сергей, КъБР-мкIэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт, «Уи унэм - мамырыгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыбзыхъуэ Сафудин сымэ.

Зэхьыхьэм кьрихьэлIа-хэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэри, зэхьыхьэр махуэшхуэ маршкIэ яухащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жануэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм кьыщызэIуахащ «Етхуанэ хыр къыхыдох» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэ. Налшык аэроклубыр мы гъэм илъэс 80 зэрырикъум ар теухуащ.

ВЫСТАВКЭР къыщызэIуахым кьрагъэблагъат Хэку зауэшхуэм и ветеран, кхъухьлъатэзехуэ Колесников Алексейрэ Щхьэлыкъуэ къуажэм илъэс куэдкIэ гъэджакIуэ щылэжьа, жьлэм щыщу зауэм хэта лIыхъужьхэм ятеухуауэ тхыль зыбжанэ кьыдэзыгъэкIа Коммодов Геннадийрэ. Нэхъыжьхэр кьрихьэлIахэм ядэгуэшащ Хэку зауэшхуэм ехьэлIауэ щхьэж иЗ гукъэкIыжкъэмкIэ.

«Зауэр гупIагъуншэт, арщхьэкIэ ди цIыхухэри хахуэт», - жиIащ Колесниковым. Геннадий кьыщыпсальэм кьыхигъэщащ езыр илъэс 12-м иту зауэр ди щIыпIэм кьэсауэ зэрызэдгъэпэщыжыну. Ар дэ тхуэзэфIэкIат. Щхьэлыкъуэ щыщу зауэм хэта цIыху 637-мэ я цIэ-уэцIэр дгъэбелджылыжат. Абыхэм я фэеплъыр тхъумэн хуейщ, зыри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Лъэпкъ музейм кьызэIуиха гъэльэгъуэныгъэм кьыбжеIэ Налшык кьалэ цIыкIум и аэроклубым Хэку зауэпхуэм хэльхьэныгъэ хуищIауэ щытар, а еджапIэр кьэзыухахэм я лIыгъэр, абыхэм ящыщу цIыхупIлIым «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр кьэзэрыхуэгъэфэщар. Выставкэр зурэтхэмрэ дэфтэрхэмкIэ кьулейщ. Абыхэм кьахощ Налшык аэроклубым и фIыгъэкIэ хьыджэбз зыбжанэ кхъухьлъатэзехуэ зэрыхъуари.

Гъэлъэгъуэныгъэм и зы дэфтэрыр: 1942 гъэм и щIышылэм, нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэр Кавказым кьыщебгъэрыкIуэм, унафэ ящIащ аэроклубыр Ордженикидзе (Владикавказ) гъэIапхъуэн хуейуэ. Кхъухьлъатитхум ирагъэзэгъащ нарашютхэмрэ нэгъэгуI хьэшыпхэмрэ. Кьэнахэр, кхъухьлъатэкIэ кьепшэкI мыхьунухэр, республикэм и дзэ частхэм трагуэшэжащ.

ЩIышылэм и 12-м Шевченкэ Д. и унафэм щIэту, цIыхуитху хьу гупыр кхъухьлъатэхэмкIэ Налшык аэродромым тельэтыкIри, ОрдженикидзекIэ ягъэзащ. ЩIышылэм и 20-м аэроклубым и унафэщI Штыркин М. кьэна N-2 кхъухьлъатэмкIэ Москва лъэтэжащ...

Зи гугъу тщIахэри нэгъэущIэри кьыщащIынущ мы гъэльэгъуэныгъэм зрезыгъэхьэлIэнухэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ахэр тщыгъупщакъым

щытар. Абы лIыхъужьыгъэм и щапхъэу ЩхьэлыкъуэщIыр зауэлI зыбжанэм я цIэ кьриIуащ, ахэр псэмблэжу ЕнатIэ гугъуэм зэрыпэрытар, мамырыгъэр абыхэм кьызэрытхуахьар тщыгъупщэ зэрымыхъунури жиIащ.

- ЗэуапIэм сыЕухьэну си мураду тIэунейрэ унэм сыщIэжIуэжькIауэ щытащ, арщхьэкIэ тIэуми си анэм сыкьиубыдыжат, - игу кьегъэкIыж Коммодовым. - Сысабийми, сыжьыджэрти, 1943 гъм си ныбжьым зы илъэс щIызгъури, комсомолым сыхьхьауэ щытащ (илъэс 14 ухъуамэ, абы щыгъуэм ухуитт комсомолым ухьыхьэну). ЩIалищ дыхьуу кьалэн кьытащащIащ Щхьэлыкъуэм и комсомол Iуэхущ IапIэр зэдгъэпэщыжыну. Ар дэ тхуэзэфIэкIат. Щхьэлыкъуэ щыщу зауэм хэта цIыху 637-мэ я цIэ-уэцIэр дгъэбелджылыжат. Абыхэм я фэеплъыр тхъумэн хуейщ, зыри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Лъэпкъ музейм къызэIуиха къыбжеIэ Налшык кьалэ цIыкIум и аэроклубым Хэку зауэпхуэм хэльхьэныгъэ хуищIауэ щытар, а еджапIэр кьэзыухахэм я лIыгъэр, абыхэм ящыщу цIыхупIлIым «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр пIэр къыззэрыхуагъэфэщар. Выставкэр зурэтхэмрэ дэфтэрхэмкIэ кьулейщ. Абыхэм кьахощ Налшык аэроклубым и фIыгъэкIэ хьыджэбз зыбжанэ кхъухьлъатэзехуэ зэрыхъуаери.

Гъэлъэгъуэныгъэм и зы дэфтэрыр: 1942 гъэм и щIышылэм, нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэр Кавказым кьыщебгъэрыкIуэм, унафэ ящIащ аэроклубыр Ордженикидзе (Владикавказ) гъэIапхъуэн хуейуэ. Кхъухьлъатитхум ирагъэзэгъащ нарашютхэмрэ нэгъэгуI хьэшыпхэмрэ. Кьэнахэр, кхъухьлъатэкIэ кьепшэкI мыхьунухэр, республикэм и дзэ частхэм трагуэшэжащ.

ЩIышылэм и 12-м Шевченкэ Д. и унафэм щIэту, цIыхуитху хьу гупыр кхъухьлъатэхэмкIэ Налшык аэродромым тельэтыкIри, ОрдженикидзекIэ ягъэзащ. ЩIышылэм и 20-м аэроклубым и унафэщI Штыркин М. кьэна N-2 кхъухьлъатэмкIэ Москва лъэтэжащ...

Зи гугъу тщIахэри нэгъэущIэри кьыщащIынущ мы гъэльэгъуэныгъэм зрезыгъэхьэлIэнухэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Хэку лъагъуныгъэм щIапIыкI

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ мы гъэм илъэс 69-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ республикэм, къралым и кьалэхэмрэ къажэхэмрэ я библиотекэхэм щекIуэкIащ «Зауэм теухуа тхыгъэхэм щIэблэм дакъыхуоджэ» зэхьыхьэр. Лэскэн районым хьихь Хьэтуей, Урыху, Ташлы-Тала, Анзорей, Лэскэн ЕтIуанэ, Уэрэрэдж, Ерокъуэ, Арщыдан къуажэ библиотекэхэри мы Iуэхум жыджэру хэтащ.

IУЭХУР къыхэзылъхьахэм я мурадыр Хэку зауэшхуэм теухуа художественнэ тхыгъэхэр кьагъэсебэну щIэблэм Хэкур фIыуэ яIьагъуу кьагъэхъыныращ, къралым и блэкIам, и тхыдэм хагъэгъуэзэныращ.

Зэхьыхьэм ирагъэблагъащ районым ис ветеран Уэркъуасэ Владимир. Ар зэхуэсахэм ядэгуэшащ зауэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ, ахэр я псэ емыблэжу мамырыгъэм, щхьэхуитныныгъэм зэрыщIэзэуар жиIащ.

Лэскэн районым и еджакIуэ 200-м нэблагъэ мы Iуэхум къыхашащ. ЗэлущIэм хэтхэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ. ЦIыкIухэм ягу ирихьащ Юрченкэ Ю. и «Юный таксист», Васильев Б. и «А зори здесь тихие», Гайдар А. и «Мальчиш-Кибальчиш», Бородулин С. и «До последнего патрона», Дончак А. и «Последний вылет», Катаев В. и «Флаг», Толстой А. и «Русский характер», Полевой Б. и «Последний день Матвея Кузьмина» тхыгъэхэр. Рассказхэмрэ повестхэмрэ щыщ Iыхьэхэм еджакIуэхэр тепсэлъыхьыжа нэужь, зауэм теухуа усэхэм Iэхуауэ я кьеджащ, уэрэдхэр жаIащ.

Библиотекэхэм я лэжьакIуэхэр ныбжьыщIэхэм хутепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм кьрикIуа гуэзвэгъуэм, насыпныншагъэм, мэжащIалIагъэм, зауэлI хахуэкэр зэкъмылэнджэжу бийм зэрыпащIэтам, ТекIуэныгъэ Иныр кьызэрахьам. А псори зи фэм дэкIа нэхъыжьхэр тщыгъупщэ, псэуэкъм гупыытэ яхуэтщIын зэрыхуейр - ахэращ ми зэлущIэми гупсысэ нэхъыщхьэу щыIуар.

БЖЬЫХЬЭЛI Роза.

ЦIыху гъащIэр зыгъэкIэщI

ЛъЫ дэуейм (гипертоние) пэщIэтынымкIэ дунейпсо махуэр 2005 гъэ лъандэрэ ягъэтащIэ. Апхуэдэ Iуэху щхьэпэм и кьалэн нэхъыщхьэр лъы дэуейм кьыщIэкIэ хъуну узыфэкъэм щыухъэм гу лъегъэтэнырщ икIи абыхэм зэрызащIпхъумэным, зэрызыбгъэхъужьным теухуа хъыбархэр егъэщIэнырщ.

ЛЪЫ дэуейм щыху куэд егъэщхьэжагъуэ. КьащIэмэ, ипъэс кьэс дуней псом щыху мелани 7 абы йолIыкI, мелуан 15-р хэлъхьэу егъэсымджэ.

Щыху гъащIэр кIэщI зыщIу кьалъытэ узыфэхэм хабжэ лъы дэуейр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы нэхъыбэу кьыхокI инфарктыр, инсультыр. КьызэральытэмкIэ, гулъытэуэ узыфэхэр кьэзыгъэхъейр араш.

Лъы дэуей зиIэ щыхум и Iэпкльпэпкым абы и щытыкIэр хьэлъэ зыщI зэхуэжьныныгъэхэр щокIуэкI: лъынтхуэхэр тэмэмэ мыжажьэу мэхьу, нэм зэрилъагъум кIэреч, гур псынщIэу кьеуэу мэхьу. Iэпкльпэпкым и Iэджькъэм апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр иIэ хуэамэ, ар гумрэ жьэжьеймрэ кьатохьэлъэ икIи псынщIэу дохутыным зыхуумыгъазэмэ, зэрыхуэхэр хэтIэсэнурэ куэдкIэ нэхъ гъэхъужьгъуей хъунущ.

Сыт нэхъыбэу лъы дэуейнщ кьызыхэкIыр? Ар нэхъыбэу зиIэр шыгъу, дагъэ зэбгъкI ерыскъым, фадэм дихьэхэрщ, апхуэдэу холестеринщ лъагэмэ, щIыхум и Iэпкльпэпкыщ тэмэмэу зэщIэмыкIмэ, абы кьыхэкIынущ. Абы кьыхэкIыу шхынныгъэ сыгъэхэмрэ шыгъэхэмрэ гъэмэщIауэ хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ нэхъыбэ щIын хуейщ. КьищIэнымыщIауэ, тутын ефэнми Iэпкльпэпкым и хьэлъагъым зэрыхэхъуэмэ кьыхокI лъы дэуей лъагэр.

Лъы дэуейр сыт хуэдэ ныбжьым итми и яIэнущ, ауэ нэхъыбэу игъэщхьэжагъуэр зи ныбжь хэкIуэтахэрщ. Яныныкъуэ щIыхухэм ар зэрагъэ ямыщIэу кьыщыхьуи щIэщ. Апхуэдэу екIуэкIыуэ щIыхур лъы дэуей лъагэм йосэж. Абыхэм зэман-зэманкIэрэ я щхьэр кьыхэуэзыкIыу е уназэу, я Iэпкльпэпкыр щIэлIэу щытщ. ТэкIу зигъэпсэхуа нужь, ар щхьэщокI, абы и щхьэусыгъэуэр зэрезэшарауэ егъэувыжри, дохутырым зыхуигъазэркъым. Ауэ а узыр апхуэдэурэ хотIасэ. Арауи кьыщIэкIынщ «нэрымыльагъу» щIыхуикIи» абы щеджэри. Нэхьыбэм лъы дэуейр зэрагъэщIыхухэм къезыгъащIэр кьраджа «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и дохутырэщ.

Фи щхьэр щIэх-щIэхьурэ узмэ е унэзамэ, фи гур псынщIэу кьеуэмэ, фыкъэпщIантIэмэ, фи нэкIур кьызэщIэпльэмэ, щIыIэ техьэгъуэм фиубыдмэ, гуэвэх фыхъумэ, лжжьигъэр кьыфтехьэлъэ хъуамэ, фи нэхэр щыункIыфIыкIмэ, пщэдджьыжькIэрэ фи нэкIур къэпщащэ хъумэ, ахэр лъы дэуей фиIэнкIэ зэрыхъунум и нэщэнэщ.

Лъы дэуей уэзриIэр къэпщIэну зы Iэмал закъуэщ щыIэр: махуэ къэс ар къэпщын хуейщ, уи щытыкIэр зыхуэдэм емыльитауэ. Зыщыжмыгъэгъупщэ, лъы дэуейр зэрыхъур кьэжьмыщауэ, узыфэр кьыпхуэхутэныкъым, узэреIэзэнури кьыпхуэщIэнукъым.

Лъы дэуейм пэщIэтыным и дунейпсо махуэм хуэгъэпсауэ Налшык кьалэ щокIуэкI «Уи лъы дэуейр зыхуэдэр къэпщытэ» фIэщыгъэр зиIэ Iуэхугъуэ.

Налшык кьалэ дэт поликлиникэ 7-м къегъэщIылIа щыналъэм щыпсэу щыхуэху зи лъы дэуейр зыхуэдэр къэзыщIатэну жэрдэм зыщIа дэтхэнэри гуапэу ирагъэблагъэ. Абыхэм узынщагъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ тхъэусыхафэхэм дохутырхэр йодаIуэ, я лъы дэуейр зыхуэдэр къащIытэ, электрокардиограммэ трах, зэрызыкIэтыплъыжьыну чэнджэщэр иратат, Iэмал имыIэу еIэзэн хуеймэ, сымаджэщым ягъэтуэлъ.

Iуэхугъуэ щхьэпэм хэтщ Чэнджэщ-диагностикэ медицинэ центрри. Абы республикэм щыпсэуэхэмрэ и хьэщIэхэмрэ кьыхуреджэ я узынщагъэр зыхуэдэр нэсу кьапщытэну. Къэпщытэныгъэ псори щIэнщэу ирагъэкIуэкI, абы папщIэ фи паспортымрэ Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ полисымрэ фыгъын хуейуэ аращ.

Узынщагъэ нэхъ лъапIэ щыIэкъыми, зыфхъумыж икIи фызыкIэлъыплъыжь.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Ефэнды Джылахъстэн къопсалъэ.

„Ашэмэз и бжьамий“ балетым Ахумыдэ и ролыр щегъэзащІэ Щэбэтыкъуэ Юлэ.

● Щэнхабзэ

Марко Вовчок и унэ-музеим

«Сытуи сымыщІэрэт мыбыхэм я бзэр... Сыт хуэдэу щІыху гуапэ мы адыгэхэр», - жиІауэ щытащ Марко Вовчок зэгуэр адыгэ щІыхубзитІым, тэрмэшыр и дэІэпыкъуэгъуу, епсэлъа и ужьклІэ.

УКРАИН тхакІуэ бзылъхугъэр Налшык 1906 - 1907 гъэхэм щыпсэуащ. Нэхыбжэм ар зэрацІыхуар Марко Вовчок цІэр арами, абы пэж дыдэу зэреджэр Валинская Мариет. Елецкэ уэздым хьлъэ Орлов губернием и Екатериновкэ жьлэм къыщыхъуэ Марко Вовчок 1859 гъэм Петербург Іэпхъуауэ щытащ. Абдеж абы нэхъ гъунэгъуу къыщицІыхуащ усакІуэ цІэрыІуэ Шевченкэ Тарас. ТхакІуэ цІыхубзым и хъэтІ къызэрымыкІуэм Шевченкэ фІыуэ щыгъуазэт, уеблэмэ Марко Вовчок и «Народные рассказы» тхылъыр нэхъ лъапІэу щыІэм яхибжэрт. ИльэсипщІым къриубыдэкІэ тхакІуэ нэхъыжь Шевченкэ Тарас и гъэндэжэцэгъуфІу Марко Вовчок Петербург дэсащ. А зэманхэм ар «Отечественные записки» журналым щыдэлэжьащ Некрасов Николайрэ Салтыков-Щедрин Михаилрэ. Куэдым ящІэу къыщІэкІынкъым Вовчок зэдзэкІакІуэ Іэзэуи зэрыщытар.

Марко Вовчок теухуауэ жытІахэми нэгъуэщІ хъыбархэми щыгъуазэ ущохъу ар ди щІыпІэм щыщыІа лъэхъэнэм зыщІэса унэм. Пэш щІыкІуищ хъу унэ кІыхьыр Налшык и щІыпІэ нэхъ дахэ ХьэтІохъущыкъуей жыг хадэм хэтщ. Ар 2010 гъэм зэрагъэпэщыжауэ Марко Вовчок и цІэр зезыхьэ унэ-музейщ. Щыкуэдщ абы тхылъхэри щІыхубзым зэрихьэу щыта хьэпшыпхэри. Нэхъыбэу ар щыпсэуа зэманым ухашэж ягперей ешэт лъагэхэмрэ Іэнэмрэ, пианинэм, бдыным фІэдза сурэт иныш хуэхэм (зым Марко Вовчок итщ, адрейм - Шевченкэ Тарас).

ЩІалэгъуалэм я къэухьым зиужьын папщІэ, зи гугъу тщІы тхакІуэм хуэдэхэр зэрыщыІар ящІэн хуейщ. А Іуэхум ерыщу иужь ихьауэ къыщІэкІынущ Белэ Речкэ къуажэм и библиотекэм и лэжьакІуэхэмрэ Налшык и курыт школ №15-м и егъэджакІуэхэмрэ. Абыхэм къызэрагъэпэщри, сабий зыбгъупщІ Марко Вовчок и унэ-музейм ящащ, зыщрагъэпльыхьащ, тхакІуэм и гугъу щащІащ. ЕджакІуэхэми загъэхьэзырат: хэти украиныбзэкІэ, язныкъуэри урысыбзэкІэ усэ къеджащ, лъэпкъ кфадэхэр ягъэззэщІащ, уэрэди жаІащ. КърихьалІахэм ягу ирихьауэ, Марко Вовчок и унэ-музейм къыщІэІуКІащ бзылъхугъэм и гъэсакІуэ нэхъыщхьэ Шевченкэ Тарас итха «Жица», «Дума» усэхэр.

ЗэІущІэм и хьэщІэт «Днипро» украин щэнхабзэ центрым хэтхэр. Абыхэми уэрэд зыбжанэ жаІащ. ЩІалэгъуалэм удз гъэгъахэр Марко Вовчок и фэепльым тралъхьа нэужь, абыхэм псалъэкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс. «СызэригугъэмкІэ, Марко Вовчок и унэ-музейм щызыхэпщІэнущ тхакІуэ бзылъхугъэм и зэфІэкІыу щытар. Лъэпкъ къэс езым и щэнхабзэрэ тхьдэрэ иІэжщ, нэхъыбэм зыщыбгъэгъуэзэхуу, цІыхум зиужь зэпыту аращ. Жьыдзкуу фицыт, фи Хэку, фи лъахэ зэреигъэфІакІуэным сыт щыгъуи фыхущІэкъуу», - жиІащ абы.

Іуапэщ егугъуу, щхьэх имыщІэу цІыхур и ІэнатІэм щыпэрытым и деж. Махуэм щыщу зы сыхьэт цІыкІухэм щагъэкІуа музейм мащІэкъым къыщащІар - псом хуэмыдэу абыхэм хьэхъуу къыщІащІар блэкІам къызэрыпхуемыгъэгъэзэжыр, ауэ ар пхъуэ зэрыхъур.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Лъэпкъ балетыр илъэс 50 ирокъу

Дахагъэм и къежапІэ

1964 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м Щоджэнц Іыкіу Алий и цІэр зезыхьэ зэрызэпсалъэ театрым япэ дыдэу щагъэлъэгъуат «Лалуцэ» лъэпкъ балетыр. Абы лъандэрэ илъэс 50 дэкІащ, икІи Къэбардей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ Іэджэуи заужьащ, ефІэкІуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ Москва щыпсы композитор щІалэ Коган Лев и макъамэкІэ Проценкэ Александр, Театр Иным и къэфакІуэ цІэрыІуэм, игъэувауэ щыта а япэ лъэпкъ балетыр (роль нэхъыщхьэхэр Хьэкъул Роззрэ Къардэн Борисрэ щагъэзэщІащ) цІыхухэм ягу ирихьауэ зэрыщытар. Ар щІэдзапІэти, балетым нэгъэущІ лэжьыгъэ дахэ куэди къыкІэлъыкІуащ. Апхуэдэт Асафьев Борис и «Бахъчысиэрей фонтан»-р, «Лебединое озеро» (Чайковский Петр), «Дахэнагъуэ», «Іэминат» (Коган Лев), «Жизель» (Адан Адольф), «Дон Кихот» (Минкус Людвиг) балетхэр.

А ЗЭМАНХЭМИ ухишэжу, ноби ди лъэпкъ балетыр зыхунэсахэм ухигъапльэу, Къэбэрдей театрым иджыблагъэ зэхыьхэ гуапэ щекІуэкІащ. Ди лъэпкъым и балет гъуэзджэр илъэс 50 зэрырикъум теухуа пшыхьым зэхуишэсащ къэфакІуэ нэхъыжьхэр, уэрэдусхэр, дирижерхэр, художникхэр, балетмейстерхэр, нэгъэущІхэри. Ахэр ирагъэплъащ «Лалуцэ» япэ лъэпкъ балетым трахауэ щыта фильмым.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьадин. «Республикэм и гъуэзджэ нэхъ щІалэхэм, дахэхэм ящыщщ балетыр. Ар узыщыгуфІыкІ хъуну Іуэхугъэущ. Балетыр ди зэманым къыззэрысар, а дахагъэр тпъагъуну Іэмал дыдэзриІэр я фІыщІэщ а гъуэзджэ пІэжьыщІэр ди республикэм щызэфІэзыІуэвахэм. Дэтхэнэми си гуапэу сохъуэхъу гъащІэм гу щихуэну», - жиІащ Къумахуэм. Ар ехъуэхъуащ «КъБР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр иджы дыдэ зыхуагъэфэща Хьэкъул Анжеликэрэ Грицай Натальерэ. Я лэжьыгъэм хуэпэжу, республикэм и хореографие гъуэзджэм зрагъэужьу я ІэнатІэм зэрыпэрытым папщІэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым щІыхь тхылъхэр яритащ Кузнецов Юрий, Гъубжокъуэ Булат, ПІаз Галинэ, Величкэ Галинэ, Исуп Аслъэн, Къардэн Борис, ПащІэ Рамед сымэ.

- Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу лъэпкъ балетыр къэзыгъэпэщащэхэм сохъуэхъу! УэрыдтІым, утезыгъэгушхэн унафэщІ уиІэмэ, пхузэфІэмыкІын щыІэкъыми, а зэманхэм апхуэдэ къарууэ республикэм иІащ зи цІэр нобэ гуапэу кІитІуэ Ефэнды Джылахъстэн. Сыт щыгъуи ипэкІэ плъэцІыху губзыгъэм лъэкІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ куэд къыззэрилъэпэщыну. Сэ слъэгъащ ди ягъэ балеринэ цІэрыІуэ Хьэкъул Роззэ утыку иту - псалъэкІэ къыпхуэмыІуэтэнт абы щыгъуэм псэм зыхищІар. Хабзэ ирехъу, гъуэзджэу щрети, дэ сыт щыгъуи адрей лъэпкъхэм щапхъэу драІащ, ди нэхъыжьыфІхэм хаша гъуэгум дытекІ хъунукъым, - жиІащ Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщІ Дау Марианнэ. ІэхуцІапІэм къыбгъэдэкІыу абы щыхьым и дыщэ дамыгъэр ириташ хореограф цІэрыІуэ Къардэн Борис. Щэнхабзэм щаІэ екъуІэныгъэхэм, жылагъуэ ІуэхуэмкІэ зэрыжьыдэрым папщІэ, щыхьэ тхылъхэмкІэ Даурыр ахуэупсащ Амщокъуэ Валентинэ, Дол Римэ, Быльмыхь Ленэ, Архэст Хьэсэнбий, Мусаевэ Хьэужан сымы.

Къафэ гъуэзджэм епха хъыбар гъэщІэгъуэнхэр пшыхьым къэкІуахэм яхуиІуэтащ Ефэнды Джылахъстэн. Абы игу къигъэкІыжащ республикэм щэнхабзэмкІэ и министр ІэнатІэм щыпэрыхьам щыгъуэ зыхуигъэувыжауэ щыта къэлэнхэр. Абыхэм ящыщ зыт оперэ, балет, оперетте къызэщІэзыбыдэну Музыкэ театрыр хъуным Джылахъстэн и гуащІэшхуэ ирихьэліат. Апхуэдэу чырбыш плъыжьыр абы - Армением, театрым и ІущІыхьыр къэзыгъэнэхунур - Германием нэс кІрышыгъат. «Абы щхьэкІэ адыгэш нэхъыбІ дыдэу тІу Германием езгъэшэн хуей хъуат», - жиІащ Ефэндым. Ауэ ахэр къэгъэнауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и балетыр диІэ зэрыхъуар зи фІыгъэу ди нэхъыжьыфІым къильытэр Май къалэм щыщу илъэс зыбжанэкІэ Москва и Театр Иным и къэфакІуэу лэжьа Проценкэ Александрщ. Абырэ Коган Леврэ куэд яхуэзфІэкІащ щыналъэм лъэпкъ балетыр щызэфІэуВэн щхьэкІэ. «Музыкэ театрым и бжэр ятпу къыщыщІэуІутхым а тІум ягъэхъэзыра «Іэминат» балетыр дгъэпэгъуауэ щытащ. ЛэжьакІуэшхуэу щыта Проценкэ Александррэ Коган Леврэ я цІэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Музыкэ театрым щылажьэхэм дяпэкІи сащогугъ я зэфІэкІым хагъэхъуэну, щІэблэфІ я ужь къиувэну, спектакль гъэщІэгъуэнхэр дгъэпэльагъуну», - къыхигъэщащ Ефэндым.

Балет гъуэзджэм къикІуамэ нобэ иІэ зэфІэкІымрэ зэпызыщІэ хьэлэмэт куэд къыхэщт мы пшыхьым. Дауи, и къІуэтэкІэкІэ, гъэзэщІэкІэкІэ а къафэ гъуэзджэм фІыуэ зиужьащ. Музыкэ театрым и балет труппэм нэхъ иужьыІуэкІэ игъэхьэзыра «Ашэмэз и бжьамий» балетым щыщ пычыгъуэ пшыхьым щагъэлъэгъуащ. Нарт лІыхъужьхэм я хахуагъэу щытар, пщащэхэм я дахагъэр, гурыхуагъэр, нарт лъахэм джэгуКІэу яІахэр ди нэгу къыщІэзыгъэувэ балетыр хьэлэмэт защІэу зэхэтщ. Ахумыдэ дахэ и образыр зыгъэлъагъуэ балеринэ Щэбэтыкъуэ Юлэ и джэгуКІэм удехьэх, абы игъэзащІэ ролыр псэкІэ зэрызыхищІэр дыболъагъу къафэм и кІыхьагъкІэ. Апхуэдэ дыдэу абы къохъулІэ Іэдикху и образри. СпектаклитІми Юлэ къыщыдофэ ГъущІо Залым. ЩІалэми и къафэмкІэ гъэщІэгъуэну къегъэлъагъуэ нарт лІыхъужьым бланагъэу хэпльамрэ макъамэ Іэмэпсымэхэр а зэманми лъэпкъым зэрригъэІэрыхуэфу щытамрэ (Ашэмэз и бжьамийрщ мыбдеж зи гугъу тщІыр).

Балет къафэм къыхуигъэщІами ярейщ хъыджэбз ныбжьыщІэ Къущхьэ Камиллэ. Абы и гум къиІукІ къафэхэм дыщопльэ Музыкэ театрым игъэуба спектакль зыбжанэм. Псом хуэмыдэу къыжбгъэщ хъунущ ар «Гимн восхрадщему солнцу» спектаклым зэрыщыджэгъу. КъэфакІуэ бзылъхугъэр езыр дыгъэм хуэдэщ, зэми абы хуэпабгъэ хьэндырабгъэм ещхьщ. «Корсар», «Эсмеральда» балетхэми Камиллэ къыщофэ гугъуехь лъэпкъ зыхимыщІэу къыпщыхьуу. Пэжу къыщІэкІынщ балетыр зэрымыкъафэ къудейр, абы урипсэун, актер зэфІэкІхэри пхэльын зэрыхуейр. Музыкэ театрым и балет труппэм дохъуэхъу гъуэгуанэ кІыхь иІэну, лъэпкъыр зэригъэгушхэн лэжьыгъэфІхэр и куэдыну.

Мыгувэу ди газетым тетынущ лъэпкъ балетым и тхыдэм, а гъуэзджэр зыгъэбжьыфІэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэса напэкІуэцІ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щыгъажэхэр

Саугъэт нэхъыщхьэр Битокъу Мухьэмэд и шым къехь

Налшык щыгъэжапІэм щекІуэкІащ ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм теухуа щыгъажэ. КъБР-м и Правительствэм, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, «Малка» шы заводым мылъкукІэ къыдалыгъыу ирагъэкІуэкІа а зэпеуэм кърихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ. КІуэкІуэ Юрий, Парламентымрэ Правительствэмрэ я тхьэмадэхэу Чеченов Ануаррэ Храмов Константинрэ, депутатхэр, къулыкъущІэхэр, ветеранхэр.

ЗэПЕУЭР къызэІуахащ Совет Союзым и ПІыхьжь Яхэгуауэ Михаил и щІыхькІэ ягъэува саугъэтым щІэбэнахэм. Илъэсищ зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэу плІым метр 1800-рэ гъэгуанэр къызэранэкІати, бжьыпэр иубыдащ Жамбэч Заур и унагъэущ Сиптетики. Ар къиГэжащ мастер-жокей Сыжажэ Тимур.

Апхуэдэ дыдэ гъэзугуанэр къызэпачащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я саугъэтым щІэбэна шыгъажэш нэхъыжьхэми. Абы щытекІуащ мастер-шууей Хъэмыз Къазбэч зытеса «Іуащхьэмахуэ» шы-спорт клубым и гъэсэн хакІуэ Мастер Блонд.

Саугъэт нэхъыщхьэу щытащ ТекІуэныгъэ Иным и махуэм и щІыхькІэ ягъэувар. Абы бжьыпэр щиубыдащ Битокъу Мухьэмэд и шыгъажэш Американ Чэвэ.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и саугъэтым щІэбэнащ шы нэхъыжьхэу тху. Псомэ ятекІуащ мастер-шууей Къэжэр Алим щыгъэжа Ройал Луи.

ИльэситІ ныбжь зиІэ инджылыз-адыгэш лъэпкъ гупым щыщІэр къыздэжащ адмирал Головко Арсений и саугъэтым щІэбэну. Псом япэу метр 1000 гъэгуанэр къыззэпичащ СэкІуийм и «Звездочка» унагъэущІэм.

Заузэ ІІ щІыхьмэ и дамыгъэр зыхуагъэфэща, Налшык щахъэм и цІэкІэ ягъэува саугъэтыр къэхьыным теухуа зэпеуэм ящыкІуар хьэлэмэтщ. Куэдым хуагъэфащэртэкъым метр 1400-м Сэкрэк Заур и унагъэшэ Камачно ягъэкъэсыну. Арщхьэкіэ мастер-тренер Бахъуэ Мухьэмэд, мастершууей Панжокъуэ Рустам сымэ я фІыгъэкІэ, а льагаІэр абы иубыдащ.

Шыгъажэм и кІэухьу щытащ Совет Союзым и Іэпхьуэкъ Байсултанов Алим и цІэкІэ ягъэува саугъэтым щІэбэна зэпеуэр. И хьэрхуэрэгъуэм Іэмал гуэри яримыту Кану пцІагъэплъыр псомэ къатежащ.

УАРДЭ Азэмэт.

ІэщІагъэм хуэІэижьхэр

● Фіыщіэ

Узынщагъэ нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэр цІыхум къыщыгуры-Іуэр абы гуныкъуэгъуэ кърит хъуа зэкъуэщ. Апхуэдэхэм дежи абы и гугъапІэ псори зрипхыр дохутырхэрщ. Сымаджэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ ар къыщэрелъэзэм, къыщыкІэмыщІауэ, абы и дэтхэнэ псалъэмэ. Псом хуэмыдэу гугъущ зи ныбжьыр хэкІуата сымаджэр арэзы пщІынымр.

ИДЖЫБЛАГЪЭ дэ дыщІэлъащ Республикэ клиникэ сымаджэщым тхьэкІумэтхэм, тэмакъым, пэм щеІэзэ и къудамэм. Дэ дызыпэщІэхуа дохутыр Тап Аркадий щыІэныгъэшхуэ хэлъу ди узынщагъэм къыкІэлъыплІащ. Абы къыдихьІа хущхьуэхэм къыдэкІуэу, и псалъэ гуапэхэм гукъыдэжкъыхтахььхэжащ. ЖкІэІэнурамэ, сыткІи арэзы дыкъыщІу, дызыкуей дэІэпыкъуныгъэр абы и деж щыдгъэтащ.

Тапыр Іэзагъыщхуэ зыхэлъ дохутырщ. Абы и щыхьэтщ дэтхэнэ зы сымаджэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къыхуигъэтыфрэ дакъикъэ бжьыгъэм я Іуэху зыІутыр зэхигъэкІыу икІи ещІэн хуейр псынщІэу иубыдэу зыхуфу зэрыщытыр. Апхуэдэ лэжьэкІэм ар зэрыІэкъуэм я Іуэхур куэдкІэ нэхъ тынш ещІ.

Аркадий къыхихэ Іэщ Іагъэм хуэІэижьщ, цІыхуГъэшхуэ хэлъщ, дэтхэнэ зыми гуКІи псэкІи хуэгумащІэу, и уэзнышагъэр зэрефІэкІуэжьым щыгуфІыкІыу щытщ. „И Іэщ Іагъэм къыкІуигъэщІащ“ зыхужаІэр абы хуэдэхэращ. Дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл-псэри дыболъагъу Тапым, абы къыжжІыуи сымаджэжэм яхэтхьым а щІалэм хуэмыдэрэзы.

И цІыхуГъэр здынэсыр, и зэфІэкІыр зыхуэдэр дгъэунэхуащи, пщІэ худощ. И лэжьыгъэм и хьэр илъагъуу Тхьэм куэдрэ и ІэнатІэм пэригъэт!

ТОВЭ Лидэ.
Тэрч къалэ
ТЭШУ Іэсият.
Бахъсэн къалэ

ЕгъэджакІуэ нэсхэр

● ЩІэныгъэ

КъБКъУ-м Педагогикэмкіэ и колледжым щызэхэтащ мы еджапІэр къэзыхуахэ нобэ ди республикэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зи кьалэныр къыщезыхьэлІэ ягъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм я проектхэр къыщапщытэ зэІущІэхэр. Ар зэрекІуэкІа тхьэмахуэм къриубыдэу утыку кхрахьащ зэманым сыт и лъэныкъуэкІи хэзагъэ икІи мыхьэнэ ин зиІэ Іуэху ещІыкІэ зыбжанэ. Налшык дэт лицей №2-м и пэщІэдзэ классхэм щезыгъаджэ КъуэщІисокъуэ Залым и гъэсэн Шыбзыхьуэ Инал утыку кхрихьащ «Тамбуканэ гуэлым и блэкІар, и нобэр, и кьэкІуэнчр» зыфІэщІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ. КъэпщытакІуэ гупым хэтхэм ягу ирихьащ мы гуэлым цІыхухэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэныгъэ зыкІи хущІегъуэжакъым икІи фІыщІэ ин яхуищІащ абыкІэ къыдэІэпыкъуа, педколледжым и лэжьакІуэхэм.

Педагогикэм хухаха тхьэмахуэ зэхэльхэм апхуэдэу я зэфІэкІ хъарзынэкэр щагъэльагъуащ курыт школ №29-м и егъэджакІуэхэу Къуэшыкъуей Ларисэрэ Павловэ Ольгэрэ, ЩІхьэлъыкъуэ дэт курыт еджапІэ №1-м щезыгъаджэ Соблыр Софиат. «ФГОС-м и мардэхэм тету егъэджакІуэр зэрылэжьыну Іэмалхэр», «Егъэджэныгъэм и кІыщІ» фІэщыгъэхэм щІэту мыбыхэм ягъэхьэзыра докладхэми увыпІэ хъарзынэ ираташ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІа тхьэмахуэм къриубыдэу къызэрагъэпэщащ «Сэ сыегъэджакІуэщІ» зыфІаща зэпеуэр, щІэныгъэмрэ зэрырагъаджэ Іэмалхэмрэ тегъэщІауэ къыдагъэкІ журналхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядолжэныкъэмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я щажагъымкІэ ахэр зыгъэхъэм ящІэжьуэ ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьиныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхэм и 14-м Печатным и хутныигъэр хъуэмыкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елажьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору НэщІэпыджэ Замирэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ* **Быр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №911